

TINDAK TUTUR NGABARI ING DESA JURUG, KECAMATAN SOOKO, KABUPATEN PONOROGO

MAR'ATUS SHOLIAH
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

ABSTRAK

Tindak tutur ngabari minangka tindak tutur kang asring digunakake masyarakat kanggo menehi kabar kabagyan, kasugengan, keslametan, lelayu, katiwasan, lan sapanunggalane. Sasuwene iki jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur sarta penanggape mitratutur kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial durung diteliti kanthi jeru.

Undere panliten iki yaiku apa wae jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo lan apa wae jinise tindak tutur ngabari adhedhasar penanggape mitratutur ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo? Adhedhasar undere panliten, tujuwan panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo. Paedah teoretis panliten iki yaiku kanggo nyengkuyung ngrembakane ilmu pragmatik lan linguistik, dene paedah praktise yaiku kanggo panliti tindak tutur supaya bisa nлити tindak tutur kanthi jangkep sarta bisa dadi bahan wacan sajrone nyinaoni ilmu pragmatik.

Panliten tindak tutur ngabari iki asipat deskriptif analisis. Teori kang digunakake yaiku teori tindak tutur. Dhata sajrone panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan, dene sumber dhatane asale saka cathethan tindak tutur ngabarine warga Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo. Tatacara panglumpuke dhata yaiku kanthi metodhe simak. Tatacarane ngandharake dhata kanthi metodhe konteks lan teks, dene tatacara njlentrehake dhata kanthi cara deskriptif.

Jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur kaperang dadi 4, yaiku kanthi cara blaka kang langsung, kanthi cara blaka kang ora langsung, kanthi cara ora blaka kang langsung, lan kanthi cara ora blaka kang ora langsung. Dene jinise tindak tutur ngabari adhedhasar penanggape mitratutur kaperang dadi loro yaiku mitratutur nampa kanthi cara wantah lan mitratutur nampa kanthi cara entar. Cara ngabarine warga kang beda-beda iki dilandhesi struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial. Struktur sosial kaperang dadi 3 yaiku umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Umur kaperang dadi 3 yaiku umur bocah (UB), umur enom (UE), lan umur tuwa (UT). Jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang (JKL) lan jinis kelamin wadon (JKW). Status ekonomi sosial kaperang dadi telu yaiku status ekonomi sosial cendhek (SESC), status ekonomi sosial sedhengan (SESS), lan status ekonomi sosial dhuwur (SESD). Dene relasi sosial kaperang dadi 3 yaiku sesambungan paseduluran, kekancan, lan tangga. Relasi paseduluran kaperang dadi loro yaiku relasi paseduluran cedhak (RPC) lan relasi paseduluran adoh (RPA). Relasi kekancan kaperang dadi loro yaiku relasi kekancan raket (RKR) lan relasi kekancan ora raket (RKO). Relasi tangga kaperang dadi loro yaiku relasi tangga cedhak (RTC) lan relasi tangga adoh (RTA).

Tembung wigati : tindak tutur, ngabari, lageyane penutur, penanggape mitratutur, struktur sosial, relasi social

TINDAK TUTUR MEMBERIKAN INFORMASI DI DESA JURUG, KECAMATAN SOOKO, KABUPATEN PONOROGO

ABSTRAK

Tindak tutur memberikan informasi sebagai tindak tutur yang sering digunakan masyarakat untuk menyampaikan kabar bahagia, kesehatan, kematian, sedih, lan sebagainya. Sejauh ini jenis tindak tutur memberikan informasi berdasarkan gaya penutur dan reaksi mitratutur dengan landasan struktur sosial, relasi sosial, dan norma sosial belum diteliti lebih dalam.

Rumusan masalah dalam penelitian ini adalah apa saja jenis tindak tutur memberikan informasi berdasarkan gaya penutur di Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo dan apa saja jenis tindak tutur ngabari berdasarkan reaksi mitratutur di Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo? Berdasarkan rumusan masalah, tujuan penelitian ini adalah untuk menjelaskan dan menganalisis jenis tindak tutur memberikan informasi berdasarkan gaya penutur dan reaksi mitratutur di Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo. Manfaat teoretis penelitian ini adalah untuk membantu perkembangan ilmu pragmatik dan linguistik, sedangkan manfaat praktisnya adalah untuk peneliti tindak tutur supaya bisa meneliti tindak tutur dengan lengkap dan bisa menjadi bahan bacaan dalam mempelajari ilmu pragmatik.

Penelitian tindak tutur memberikan informasi ini bersifat deskriptif analisis. Teori yang digunakan adalah teori tindak tutur. Data dalam penelitian ini diambil oleh peneliti di lapangan, sedangkan sumber datanya berasal dari catatan tindak tutur memberikan informasi warga Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo. Metode pengumpulan data yaitu dengan metode simak. Metode penjelasan dhatanya dengan metode konteks dan teks, sedangkan metode penganalisisan datanya dengan metode deskriptif.

Jenis tindak tutur memberikan informasi berdasarkan gaya penutur dibagi menjadi 4, yaitu dengan cara terbuka dan langsung, dengan cara terbuka dan tidak langsung, dengan cara tertutup dan langsung, dan dengan cara tertutup dan tidak langsung. Sedangkan jenis tindak tutur memberikan informasi berdasarkan reaksi mitratutur dibagi menjadi 2, yaitu mitratutur menerima dengan cara sebenarnya dan mitratutur menerima dengan cara kias. Cara memberikan kabar warga yang berbeda-beda ini dilandasi struktur sosial, relasi sosial, dan norma sosial. Struktur sosial dibagi menjadi 3, yaitu umur, jenis kelamin, dan status ekonomi sosial. Umur dibagi menjadi 3, yaitu umur anak-anak (UB), umur muda (UE), dan umur tua (UT). Jenis kelamin dibagi menjadi , yaitu jenis kelamin laki-laki (JKL) dan jinis kelamin perempuan (JKW). Status ekonomi sosial dibagi menjadi 3, yaitu status ekonomi sosial rendah (SESC), status ekonomi sosial sedang (SESS), dan status ekonomi sosial tinggi (SESD). Sedangkan relasi sosial dibagi menjadi 3 yaitu relasi keluarga, teman, dan tetangga. Relasi keluarga dibagi menjadi 2, yaitu relasi keluarga dekat (RPC) dan relasi keluarga jauh (RPA). Relasi pertemanan dibagi menjadi 2, yaitu relasi teman akrab (RKR) dan relasi teman tidak akrab (RKO). Relasi tetangga dibagi menjadi 2, yaitu relasi tetangga dekat (RTC) dan relasi tetangga jauh (RTA).

Kata kunci: tindak tutur, memberikan informasi, gaya penutur, reaksi mitratutur, struktur sosial, relasi sosial

PURWAKA

Tindak tutur ngabari mujudake salah sijine jinis tindak tutur kang digunakake masyarakat sajrone cecaturan ing urip padinan. Ing bebrayan Jawa, akeh kadadeyan kang wigati ing urip saben dinane. Kadadeyan-kadadeyan iki kudu dikabarake marang wong liya, ing antarane yaiku nalika ana kabar lelayu, kabar kasugengan, kabar katiwasan, kabar kabagyan ngenani klairan apadene mantu lan warta-warta liyane. Adhedhasar marang wigatine bab ngabari tumrap panguripane masyarakat, ateges ngabari iki mesthi ana ing panguripane masyarakat saben dina, mula tindak tutur ngabari prelu diteliti luwih jeru saperlu ngerteni apa wae jinise tindak tutur ngabari.

Tindak tutur lan tindak tutur ngabari wis tau diteliti sadurunge. Dene panliten ngenani tindak tutur ngabari ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo durung tau diteliti. Panliten sadurunge durung kanthi njlimet nyambungake antarane komponen sosial kayata struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial karo tindak tutur ngabari. Ateges durung ana kang ngliti ngenani tindak tutur ngabari kanthi punjer kang sajinis.

Panliti milih masyarakat Desa Jurug iki minangka objek panliten tumrap tindak tutur ngabari amarga panliti minangka penutur asli saengga wis ngerti komponen sosial yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan norma utawa pranatan sosial kang ana sajrone masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo. Wujude tindak tutur ngabari ing masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo iki narik kawigatene panliti amarga masyarakat Desa Jurug nduweni titikan kang mligi sajrone nindakake tindak tutur ngabari. Masyarakat ing Desa Jurug kaperang dadi saperangan golongan, awit saka golongane wong sugih, wong mlarat, wong enom, wong tuwa, sarta wong kang nduweni sesambungan paseduluran, kekancan, lan tangga kang raket lan ora

raket. Pawongan-pawongan iki uga nduweni cara ngabari kang beda-beda. Mula bakal diteliti apa wae jinise tindak tutur ngabari kang ana ing masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Ponorogo nalika ngabari adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial kang ana.

Undere panliten iki yaiku apa wae jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur ing masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo? lan apa wae jinise tindak tutur ngabari adhedhasar penanggape mitratutur ing masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo?

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isine bab II iki ngandharake panliten ngenani tindak tutur lan tindak tutur ngabari, konsep-konsep lan teori kang digunakake ing panliten iki.

Tindak Tutur

Searle sajrone Schiffirin (2007:116), ngandharake yen tindak tutur minangka unit dhasar komunikatif kang sesambungan karo prinsip ekspresibilitas, ana sesambungan analitik antarane nosi tindak tutur, apa karepe penutur, apa ukara kang diucapake nduweni makna, apa tujuwane tuturan, kepriye penanggape mitratutur, lan apa kang ndayani kaidah elemen linguistik.

Tindak Tutur Ngabari

Tindak tutur ngabari minangka salah sijine jinis tindak tutur kang nduweni tujuwan menahi informasi utawa kabar marang mitratutur. Miturut Poerwadarminta (1937:372), ngabari nduweni teges menahi warta utawa kabar.

Tindak Tutur Adhedhasar Lageyane Penutur

Adhedhasar lageyane penutur, tindak tutur bakal diperang jinise adhedhasar tata cara medharake, cara kang digunakake, lan isi tuturan kaya kang diandharake ing ngisor iki.

Jinise Tindak Tutur Adhedhasar Tatacara Medharake

Brown lan Levinson sajrone Gunarwan (2007:54) merang cara medharake tuturan dadi lima, yaiku nindakake tuturan kanthi blaka tanpa ora blaka, kanthi blaka lan ora blaka arupa kesantunan positif, kanthi blaka lan ora blaka arupa kesantunan negatif, kanthi cara ora blaka, lan nindakake tuturan ing jero ati. Tata cara kang sepisan yaiku blaka. Penutur ngomong kanthi apa anane apa kang dikarepake. Cara iki kaperang dadi loro yaiku strategi kesantunan positif lan strategi kesantunan negatif. Miturut Brown lan Levinson (1987:103) strategi kesantunan positif iki kaperang dadi limolas substrategi yaiku (1) nyenengake dhisik yaiku kanthi nyenengake mitratutur dhisik sadurunge medharake apa kang bakal dituturake, (2) ngluwih-luwihake yaiku kanthi medharake tuturan kebak gumreget utawa bisa diarani kanthi cara ngluwih-ngluwihake tuturan, (3) kasengsem yaiku penutur nuduhake yen dheweke kasengsem marang mitratutur sajrone cecaturan lumaku, (4) nggunakake celukan kang mligi yaiku digunakake penutur kanggo nyeluk mitratutur kanthi celukan kang mligi kang dingerteni kekarone, (5) njaluk panemu yaiku kanthi njaluk panemu saka mitratutur ngenani topik tuturan, penutur nduweni tujuwan kepriye supaya mitratutur menehi panemune lan sarujuk marang dheweke, (6) ngadohi beda panemu yaiku penutur menehi tandha-tandha sarujuk marang mitratutur, penutur ngadohi beda panemu karo mitratutur, senajan kala mangsa penutur mung ethok-ethok sarujuk, (7) ngira-ira yaiku penutur ngira-ira apa kang dipenginake dening mitratutur, (8) lelucon yaiku digunakake penutur kanthi menehi lelucon sajrone tuturane, (9) negesake kawruh utawa wawasan ateges sajrone cecaturan, penutur negesake wawasan kang diduweni sajrone tuturan, (10) tawa utawa janji ateges penutur menehi janji utawa nawani mitratutur tumrap sawijine bab, (11) optimis, (12) nglebokake penutur lan mitratutur ing kegiatan tindak tutur, (13) menehi alasan ateges penutur menehi alasan sajrone nindakake tumindak tutur, (14) resiprokalitas, lan (15) menehi hadhiah ateges penutur menehi hadhiah arupa samubarang marang mitratutur.

Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:47), strategi kesantunan negatif kaperang dadi 10, yaiku (1) tuturan ora langsung, (2) takon, berpagar (hedge), (3)

pesimis, (4) nyuda *kerugian, beban*, (5) menehi rasa kurmat, (6) njaluk sepura, (7) ora nguwongake, (8) ngenekake tindak tutur pengancam muka minangka peran umum, (9) *membendakan*, (10) tumindak kepeksa minangka utang penutur. Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), nerangake yen penutur milih cara blaka iki krana 6 alasan yaiku (1) penutur oleh dukungan kanggo awake saka wong liya, (2) penutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi nuduhake yen dheweke percaya marang mitratutur, (3) penutur oleh kapercayan amarga blaka, (4) ngedohi prasangka ala, saupama dheweke dianggep minangka *manipulator*, (5) penutur ngedohi salah tampa, lan (6) penutur bisa ndandani maneh apa kang wus dirusak dening tumindak kang ngancam *muka*.

Cara ora blaka kaperang dadi 15 yaiku (1) menehi isyarat utawa petunjuk, (2) petunjuk pemarah kesamaan, (3) nggunakake isyarat, (4) nyilikake, (5) negesake utawa ngluwihake, (6) tantologi, (7) nggunakake kontradiksi, (8) kanthi ironi, (9) nggunakake metafora, (10) balik takon, (11) ambiguitas, (12) samar-samar, (13) over generalize, (14) ngganteni mitratutur, lan (15) nggunakake elipsis. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), penutur nggunakake cara ora blaka iki krana 4 alasan yaiku (1) penutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora meksa karepe mitratutur, (2) penutur ngadohi yen saupama dheweke bakal dadi rerasanan wong liya, (3) penutur ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep wis ngancam *muka* mitratutur, lan (4) penutur kanthi ora langsung menehi kalonggaran mitratutur kanggo nggatekake kekarpane.

Jinise Tindak Tutur Adhedhasar Cara kang Digunakake

Searle sajrone Gunarwan (2007:9) merang tindak tutur adhedhasar lajur ilokusine dadi loro yaiku tindak tutur langsung lan tindak tutur ora langsung.

Tindak tutur langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Yen ana sesambungan langsung antarane struktur lan fungsi, mula ana tindak tutur langsung. Tindak tutur langsung iki mujudake tindak tutur kang ditindakake dening penutur langsung marang mitratutur, ora lantaran wong katelu. Tuladhane:

P : Is, sesuk nyanga ngomahku ya!

MT : Iya Din, sore tak nggonmu.

Tindak tutur ora langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine panjaluk. Tindak tutur ora langsung iki nduweni titikan yaiku anane wong katelu sajrone tuturan. Tuladhane:

P : En, aku njaluk tulung kandhanana Rosi sesuk kon mbalekake bukuku ya!

MT : Iya Tin, mengko dakkandhanane bocahe.

Jinise Tindak Tutur Adhedhasar Isine Tuturan

Adhedhasar pamerang saka Searle sajrone Ibrahim (1993:15), tindak tutur ilokusi komunikatif kaperang dadi papat, yaiku konstatif, direktif, komisif, lan acknowledgments kanthi dhasar penanggape mitratutur. Salah sijine perangan saka konstatif yaiku informatif. Tindak tutur informatif iki kaperang dadi wolu yaiku nuturi, mbiwarakake, martakake, negesake, nglapurake, nuduhake, nyritakake, lan menahi paseksen.

Tindak Tutur Ngabari Adhedhasar Penanggape Mitratutur

Austin (ing Nababan, 1987:18) merang tindak tutur adhedhasar penanggape mitratutur dadi telung perangan yaiku tindak tutur lokusi, tindak tutur ilokusi lan tindak tutur perlokusi.

Tindak Tutur Ngabari minangka Tindak Tutur Lokusi

Ing tindak tutur lokusi, diasilake reroncene basa kang tegese samubarang (Ibrahim, 1993:15). Tindak tutur lokusi luwih nengene tegese wedharan tinimbang maksud kang dikarepake dening penutur jalaran tindak tutur lokusi wujud arupa pawarta.

Tuladhane :

Konteks: martakake yen dheweke wis mangan

P : Aku wis mangan hlo.

MW : Ya, ya.

Tebane Tindak Tutur Ngabari tumuju Tindak Tutur Ilokusi

Tindak ilokusi kalebu ngandharake, nakokake, mrentahake, lan njanjeni (Schiffirin, 2007:72). Tindak tutur ilokusi minangka tumindak basa kang bisa dititiki adhedhasar wedharan penutur kanthi eksplisit supaya ana pakaryan saka mitratutur, nanging wujud implisit. Tindak tutur ngabari kang sejatine minangka tindak lokusi, bisa owah dadi tindak tutur ilokusi. Tindak tutur ilokusi minangka tindak tutur kang ngemu maksud lan daya sajrone wedharan. Tindak ilokusi kalebu perangan kang wigati banget sajrone tindak tutur (Wijana, 1996:19). Tindak tutur ilokusi ana gandheng cenenge karo sapa penutur lan mitratutur, kapan lan ing ngendi tindak tutur iku ditindakake.

Tuladhane :

P : Aku arep tuku buah neng pasar.

MT : Aku melu ya.

Plataran/ Setting Tindak Tutur

Fishman sajrone Alwasilah (1990:14) ngandharake yen *setting* sajrone tindak tutur yaiku kahanan utawa situasi, panggonan utawa papan, lan wektu, dene amanat

kalebu sajrone situasi. Konteks sajrone tindak tutur uga nduweni sesambungan karo kahanan sajrone tindak tutur. Konteks nduweni kalungguhan sajrone teori tindak tutur yaiku wawasan kang ndhasari wujud tindak tutur.

Teori kang Digunakake

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur. Teori ngenani tindak tutur kang sepisan diandharake dening Austin taun 1955 ing Universitas Harvard, Inggris. Austin sajrone Schiffirin (2007:64) ngandharake yen tuturan kang ukarane nduweni modhus deklaratif kaperang dadi loro yaiku konstatif lan performatif. Wondene Searle (ing Nadar, 2009:14) ngandharake yen saben tuturan minangka sawijine tumindak lan merang tindak tutur dadi telu yaiku tindak tutur lokusi, tindak tutur ilokusi, lan tindak tutur perlokusi. Tuturan sajrone kajian pragmatik bisa ditegesi minangka wujud tindak tutur lan uga minangka produk sawijine tindak tutur.

Pragmatik nintingi makna kontekstual, yaiku makna kang luwih akeh saka apa kang dikarepake tinimbang apa kang satemene dituturake. Pragmatik nduweni sesambungan karo interpretasi ukara utawa ujaran sajrone konteks kang luwih jembar, kalebu *pemahaman wacana*, kapercayan, lan pengarep-arep saka penutur lan mitratutur, sesambungane penutur lan mitratutur, kuwajiban penutur lan mitratutur, wawasan penutur lan mitratutur, lan sapanunggalane (Ibrahim, 1993:280-281). Teori tindak tutur lan pragmatik nduweni pandangan yen konteks minangka sawijine wawasan utawa *pengetahuan*, yaiku apa kang bisa dingerteni ing antarane penutur lan mitratutur.

TATACARANE PANLITEN

Sajrone bab 3 iki diandharake metodhe utawa tatacara kang digunakake kanggo nintingi panliten kanthi irah-irahan *Tindak Tutur Ngabari ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo*.

Sipate Panliten

Panliten ngenani tindak tutur ngabari ing masyarakat iki mujudake panliten deskriptif. Ateges dhata kang diteliti iku ora direncanakake, nanging kadadeyan kanthi *natural* utawa alami. Sawenehe informasi sajrone panliten iki ora direncanakake sadurunge, luwih marang dhata kang asipat alamiah kadadeyan sajrone masyarakat.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa ukara-ukara kang dicathet asil saka nyemak lan asil saka ngrekam tindak

tutur ngabarine warga Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Sumber dhata sajrone panliten iki asale saka rekaman alamiah saka warga lan cathetan ngenani tindak tutur ngabari warga Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Tatacara Nglumpukake Data

Tatacara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku nggunakake metodhe simak lan metodhe cakap (Sudaryanto, 1986:62). Metodhe simak yaiku nyemak sakabehing basa kang digunakake dening penutur. Metodhe simak dileksanakake kanthi teknik sadap, simak libat cakap, simak bebas libat cakap, teknik rekam lan teknik catat. Teknik-teknik sajrone metodhe simak iki digunakake panliti kanggo golek dhata tindak tutur ngabarine warga Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Dhata kang dibutuhake ing panliten iki dijupuk saka sumber basa lisan kanthi metodhe lan teknik kang wis diandharake ing ndhuwur. Ora mung kanthi nyemak cecaturane subjek panliten, nanging panliti uga bisa mancing subjek panliten supaya tumuju marang cecaturan kang nuwuhake dhata panliten. Banjur, dhata dipilah-pilah miturut kahanane. Dene pamilihe dhata cetha, yaiku adhedhasar struktur sosial lan relasi sosial. Adhedhasar struktur sosial kagolongake adhedhasar umur, jinis kelamin, lan status ekonomi sosial. Saka perangan umur, umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (1-15 taun), umur enom (16-50 taun), lan umur tuwa (50 taun munggah). Saka perangan jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku lanang lan wadon. Dene saka perangan status ekonomi sosial kaperang dadi telu yaiku endhek, sedhengan, dhuwur. Adhedhasar relasi sosial kagolongake adhedhasar sesambungan paseduluran kang kaperang dadi loro yaiku paseduluran kang raket lan paseduluran kang ora raket, sesambungan tangga uga kaperang dadi loro yaiku tangga cedhak lan tangga adoh, sarta sesambungan kekancan kang kaperang dadi loro yaiku sesambungan kekancan kang raket lan kekancan kang ora raket. Wondene dhata-dhata kang wus kacekel kanthi metodhe ing ndhuwur, banjur diklumpukake adhedhasar jinis ing tindak tutur ngabari.

Tatacara Njlentrehake Data

Sawise dhata kang dikarepake wis kacekel, banjur dhata iku diolah kanthi cara metodhe distribusional (Sudaryanto, 1993:13). Metodhe distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangane basa iku dhewe, utawa wujud lan blegere basa kang digunakake.

Dhata-dhata kasebut dijlentrehake kanthi metodhe formal yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan

lambang lan metodhe informal yaiku kanthi ngandharake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 1993:144). Lambang kang digunakake yaiku cekakan saka dhasar-dhasar tindak tutur ngabari.

Tatacara Nyajekake Asil Njlentrehake Dhata

Sajrone panliten iki, tatacara ngandharake asil njlentrehake dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani jinis-jinis tindak tutur ngabari sajrone masyarakat Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo adhedhasar lageyane penutur lan penanggepe mitratutur kanthi landhesan konteks. Dhata kang wis digolongake marang jinis tindak tutur ngabari lan wis dijlentrehake disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Kang kalebu ing konteks yaiku struktur sosial yaiku umur, jinis kelamin, status ekonomi sosial lan relasi sosial yaiku relasi paseduluran, tangga, lan kekancan saka penutur lan mitratutur. Dene teks arupa wedharan tindak tutur ngabari utawa tumindak cecaturan antarane penutur lan mitratutur.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Adhedhasar asil dhata panliten, jinis tindak tutur ngabari kaperang dadi rong warna yaiku jinis tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur. Adhedhasar lageyane penutur, jinis tindak tutur ngabari kaperang dadi papat yaiku tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang langsung, tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang ora langsung, tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang langsung, lan tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang ora langsung. Dene adhedhasar panangepe mitratutur, jinis tindak tutur ngabari kaperang dadi loro yaiku ditampa kanthi cara wantah lan ditampa kanthi cara entar.

Jinis Tindak Tutur Ngabari Adhedhasar Lageyane Penutur

Adhedhasar lageyane penutur, tindak tutur ngabari bisa kaperang dadi 4 jinis yaiku kaya andharan ing ngisor iki.

Tindak Tutur Ngabari kanthi Cara Blaka kang Langsung

Tindak tutur ngabari kanthi cara blaka lan langsung iki katindakake dening penutur kang menehi kabar kanthi ngomong apa anane kang dikarepake lan langsung marang mitratutur, ora lantaran wong liya. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

- (1) P : Dil, Apri wis mangkat iki engke.
MT : Mendah, aku ndhak eruh lek liwat yahapa.

Konteks : Penutur dolan ing omahe mitratutur kang pernahe kanca rakete lan ngabari yen kancane sing jenenge Apri wis budhal menyang sekolahan.

(UB-JKL-SESS / UB-JKW-SESS – RKR)

Tuturan (1) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur bocah, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale cendhek. Mitratutur uga bocah, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga cendhek. Sesambungan antarane kekarone yaiku kanca raket. Nalika nindakake cecaturan kekarone nggunakake basa ngoko. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang langsung amarga penutur menahi kabar kanthi medharake apa kang dikarepake marang mitratutur lan langsung ateges ora sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara blaka amarga penutur ngadohi salah tampa.

(44) P : Sepedhahe wis takulihne Le.

MT : Ya Pak.

Konteks : Penutur bar nyilih sepedhahe montore mitratutur lan ngabari yen sepedhahe wis dibalekake.

(UT-JKL-SESS / UE-JKL-SESS – RTC)

Tuturan (44) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur uga enom, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Bab kang njalari yaiku sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Mitratutur uga ora nggunakake basa krama marang penutur kang umure luwih tuwa saka dheweke amarga sesambungan tangga cedhak iku mau. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang langsung amarga penutur menahi kabar kanthi medharake apa kang dikarepake marang mitratutur lan langsung ateges ora sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara blaka amarga penutur ngadohi salah tampa.

Tindak Tutur Ngabari kanthi Cara Blaka kang Ora Langsung

Tindak tutur ngabari kanthi cara blaka lan ora langsung iki katindakake dening penutur kang menahi kabar kanthi ngomong apa anane kang dikarepake, nanging ora langsung marang mitratutur, ateges lantaran wong liya. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

(45) P : Kang, Yu Kam Njenengan sanjangi nggih benjing jam sanga bidhale.

MT : Iya, takomngane.

Konteks : Penutur ketemu karo mitratutur ing dalan lan ngabari yen budhale mbesan jam sanga supaya dikabarake marang bojone mitratutur.

(UE-JKW-SESS / UT-JKL-SESS- RPC)

Tuturan (45) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Ing tuturan (45), penutur nggunakake basa krama minangka tandha kurmat. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang ora langsung amarga penutur menahi kabar kanthi medharake apa kang dikarepake marang mitratutur lan ora langsung ateges sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara blaka amarga penutur ngadohi salah tampa.

(54) P : Benjing boten tamtu yasinan Bu, libur. Bu Kartini Njenengan sanjangi.

MT : Iya Ndhuk.

Konteks : Penutur ngabari mitratutur yen yasinane libur supaya dikabarake marang sedulure mitratutur sing jenenge Bu Kartini.

(UE-JKW-SESS / UT-JKW-SESS –RKO)

Tuturan (54) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale dhuwur. Mitratutur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga dhuwur. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku kekancan kang ora raket. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa krama alus. Saliyane pancen umure penutur kang luwih enom tinimbang mitratutur, sesambungan kekancane ora raket saengga ndadekake penutur nggunakake basa krama alus minangka tandha kurmat. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang ora langsung amarga penutur menahi kabar kanthi medharake apa kang dikarepake marang mitratutur lan ora langsung ateges sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara blaka amarga penutur ngadohi salah tampa lan supaya dheweke dipercaya.

Tindak Tutur Ngabari kanthi Cara Ora Blaka kang Langsung

Tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka lan langsung iki katindakake dening penutur kang menahi kabar kanthi ora ngomong apa anane sing sejatine dikarepake lan langsung marang mitratutur, ora lantaran wong liya. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

(61) P : Bawang brambang saiki larange kaya dhemit.

MT : Iki hlo nggawaa Yun, akeh iki lek nggawani Ibu.

Konteks : Penutur dolan ing omahe mitratutur lan ngabari yen regane bawang larang. Sejatine

dheweke kepengin njaluk bawang kancane iku amarga bar diwenahi bawang saka ibune.

(UE-JKW-SESS / UE-JKW-SESS –RKR)

Tuturan (61) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur uga enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku kekancan raket. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Saliyane umure padha enome, sesambungane penutur lan mitratutur yaiku kanca raket. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang langsung amarga penutur menahi kabar kanthi ora medharake apa kang dikarepake marang mitratutur lan langsung ateges ora sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara ora blaka yaiku supaya mitratutur mikirake apa kang sejatine dikarepake. Kaya tuturan (61) tuladhane, penutur ora ngomong kanthi blaka yen sejatine dheweke arep njaluk bawang. Dheweke nggunakake cara ora blaka kanthi ngabari mitratutur kang pernahe kanca rakete iku yen saiki regane bawang larang banget. Kahanane nalika iku mitratutur nduwe bawang akeh banget saka ibune. Mula penutur menahi kalonggaran kanggo mitratutur supaya mikirake kekarepane.

(66) P : Tun, aku arep rewang gawe roti hlo.

MT : Aku tak bareng sisan Yu, entenana.

Konteks : Penutur ketemu mitratutur ing emper omah, lan ngabari yen dheweke arep budhal rewang gawe roti. Sejatine penutur kepengin ngajak mitratutur ngancani dheweke nalika iku.

(UT-JKW-SESS / UE-JKW-SESS – RTC)

Tuturan (66) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Senajan umure mitratutur luwih enom tinimbang penutur, mitratutur uga nggunakake basa ngoko. Bab kang njalari yaiku sesambungan tangga kang cedhak. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang langsung amarga penutur menahi kabar kanthi ora medharake kanthi cetha apa kang dikarepake marang mitratutur lan langsung ateges ora sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara ora blaka yaiku penutur menahi kalonggaran mitratutur supaya mikirake kekarepane.

Tindak Tutur Ngabari kanthi Cara Ora Blaka kang Ora Langsung

Tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka lan ora langsung iki katindakake dening penutur kang menahi kabar kanthi ora ngomong apa anane kang dikarepake lan uga ora langsung marang mitratutur. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

(72) P : Doni omongana ya Dhik, aku budhal nyang Surabaya suk minggu.

MT : Iya, engko takomongane.

Konteks : Penutur ketemu mitratutur ing warung. Nalika iku, dheweke kepengin ngabari Doni, adhike mitratutur yen dheweke budhal menyang Surabaya dina minggu. Amarga sejatine Doni arep melu dheweke menyang Surabaya. Mula dheweke ngabari mitratutur supaya dikabarake marang Doni.

(UE-JKW-SESS / UE-JKW-SESS – RTC)

Tuturan (72) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur uga enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Saliyane umure padha enome, sesambungan antarane kekarone yaiku tangga cedhak. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang ora langsung amarga penutur menahi kabar kanthi ora medharake apa kang dikarepake kanthi cetha marang mitratutur lan ora langsung ateges sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara ora blaka amarga penutur menahi kalonggaran marang mitratutur supaya mikirake kekarepane.

(80) P : Buk, aku arep melu latihan sesuk. Adhik omongona ya Buk.

MT : Iya, jam pira ta?

Konteks : Penutur ngabari mitratutur yen dheweke arep melu latihan nari supaya dikabarake marang adhike. Sejatine penutur kepengin adhike uga melu latihan nari.

(UE-JKW-SESS / UT-JKW-SESS –RPC)

Tuturan (80) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Yen nggatekake norma sosial kang ana, kudune penutur nggunakake basa krama marang mitratutur amarga umure mitratutur luwih tuwa tinimbang penutur. Krana sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak, mula penutur ora nggunakake basa nalika ngabari. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara ora

blaka kang ora langsung amarga penutur menehi kabar kanthi ora medharake apa kang dikarepake kanthi cetha marang mitratutur lan ora langsung ateges ora sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara ora blaka yaiku supaya mitratutur mikirake apa kang dikarepake.

(82) P : Ndhuk, aku arep nyang omahe Mbah Katemi. Ibumu omongana ya.

MT : Ya Lik.

Konteks : Penutur nalika iku arep ngendhangi Mbah Katemi, tanggane kang lagi lara. Penutur ngabari mitratutur supaya dikabarake marang ibune yen dheweke arep menyang omahe Mbah Katemi, nanging ora diblakakake tujuwane.

(UT-JKW-SESD / UE-JKW-SESS –RTC)

Tuturan (82) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale dhuwur. Mitratutur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang ora langsung amarga penutur menehi kabar kanthi ora medharake apa kang dikarepake kanthi cetha marang mitratutur lan ora langsung ateges sarana wong liya. Tujuwane penutur ngabari kanthi cara ora blaka yaiku supaya mitratutur mikirake apa kang dikarepake lan krana kahanan.

Jinise Tindak Tutur Ngabari Adhedhasar Penanggepe Mitratutur

Adhedhasar pananggepe mitratutur, tindak tutur ngabari bisa kaperang dadi 2 werna yaiku mitratutur nampa kanthi cara wantah lan mitratutur nampa kanthi cara entar.

Tindak Tutur Ngabari kang Ditampa Kanthi Cara Wantah

Tindak tutur ngabari bisa ditampa dening mitratutur kanthi cara wantah utawa apa anane. Ing kene, apa kang dikabarake dening penutur kanthi cara blaka bakal ditampa dening mitratutur kanthi cara wantah. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

(86) P : PR ku wis rampung Buk.

MT : O, iya.

Konteks : Penutur minangka anake mitratutur lan nalika ing omah ngabari mitratutur yen dheweke wis rampung nggarap PR.

(UB-JKW-SESS / UE-JKW-SESS –RPC)

Tuturan (86) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur bocah, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur uga enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Senajan umure penutur luwih enom tinimbang mitratutur, sesambungan antarane kekarone kang cedhak ndadekake basa kang digunakake yaiku basa ngoko. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah amarga mitratutur nampa kanthi apa anane apa kang dikabarake dening penutur.

(89) P : Sembakone wis teka hlo Bu.

MT : Nggih Bu RT.

Konteks : Ing toko, penutur ketemu mitratutur lan ngabari yen sembakone wis teka.

(UE-JKW-SESD / UE-JKW-SESS –RTC)

Tuturan (89) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale dhuwur. Mitratutur uga enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Saliyane umure padha enome, sesambungan antarane kekarone kang cedhak ndadekake basa kang digunakake yaiku basa ngoko. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah amarga mitratutur nampa kanthi apa anane apa kang dikabarake dening penutur.

(98) P : Jarene arek arep eneng pentas jaranan suk pas Pak Kateno mantu Mas.

MT : Iya, kabare ngono.

Konteks : Nalika blanja ing warung, penutur ngabari mitratutur yen arep ana pentas jaranan ing omahe Pak Kateno.

(UE-JKL-SESS / UT-JKL-SESS –RPC)

Tuturan (98) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake penutur nalika ngabari yaiku basa ngoko. Senajan umure penutur luwih enom tinimbang mitratutur, sesambungan antarane kekarone kang cedhak ndadekake basa kang digunakake yaiku basa ngoko. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah amarga mitratutur nampa kanthi apa anane apa kang dikabarake dening penutur.

(100) P : Mangga Pak, Bu Ombak sampun

rawuh watawis jam wolu kalawau.

MT : O iya.

Konteks : Ing bale desa, dianakake rapat Kwartir Ranting. Penutur ngabari mitratutur yèn Bu Ombak, tamu saka Kabupaten wis rawuh.

(UE-JKW-SESD / UT-JKL-SESD – RKO)

Tuturan (100) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale dhuwur. Mitratutur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale uga dhuwur. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku kekancan kang ora raket. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa krama. Saliyane umure penutur kang luwih enom tinimbang mitratutur, sesambungan kang ora raket antarane kekarone ndadekake penutur nggunakake basa krama nalika ngabari. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah amarga mitratutur nampa kanthi apa anane apa kang dikabarake dening penutur.

(111) P : Le, aku wingi liwat omahmu sepi mampring.

MT : O, nggih ta Pak? Kula pas boten wonten griya dhek wingi.

Konteks : Penutur minangka tangga adohe mitratutur ngabari yèn dheweke bar liwat omah mitratutur.

(UT-JKL-SESS / UE-JKL-SESS – RTA)

Tuturan (111) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur uga enom, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga adoh. Basa kang digunakake penutur nalika ngabari yaiku basa ngoko, dene basa kang digunakake mitratutur yaiku basa krama. Saliyane umure mitratutur luwih enom, sesambungan tangga adoh ndadekake mitratutur nggunakake basa krama. Dhata tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah amarga mitratutur nampa kanthi apa anane apa kang dikabarake dening penutur.

Tindak Tutur Ngabari kang Ditampa kanthi Cara Entar

Tindak tutur ngabari uga bisa ditampa dening mitratutur kanthi cara entar. Ing kene, apa kang dikabarake dening penutur kanthi cara ora blaka bakal ditampa dening mitratutur kanthi cara entar. Gatekna dhata tuturan ing ngisor iki.

(112) P : Hlo iya, Mas Angga urung diaturi.

MT : Mangke kula aturane Pakdhe. Hlawong kula kan sisan ngliwati daleme Mas Angga mangke Pakdhe.

Konteks : Penutur ngabari mitratutur yèn ana tanggane kang durung diaturi amarga penutur nganakake slametan.

(UE-JKL-SESD / UE-JKL-SESS – RPC)

Tuturan (112) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale dhuwur. Mitratutur uga enom, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale uga sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Sesambungan antarane kekarone kang cedhak ndadekake basa kang digunakake yaiku basa ngoko. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar amarga mitratutur bisa nampa apa kang sejatine dikarepake penutur, senajan ora diwedharake kanthi blaka. Ing tuturan (112), penutur ngabari yèn tanggane ana sing durung diaturi. Mitratutur nampa kanthi cara entar apa kang diwedharake dening penutur, dheweke ngerti yèn sejatine penutur kepengin dheweke ngabari tanggane iku.

(133) P : Buk, aku pengen mangan rujak.

MT : Ya takkukokne.

Konteks : Penutur ngabari mitratutur kang pernahe ibune yèn dheweke kepengin mangan rujak. Nalika iku ibune arep menyang pasar. Dheweke kepengin ibune nukokake dheweke rujak, lan ibune wis ngerti apa kang dikarepake penutur.

(UE-JKW-SESS / UT-JKW-SESS – RPC)

Tuturan (133) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Miturut norma sosial, pawongan kang umure luwih enom kudu nggunakake basa krama marang wong kang luwih tuwa. Penutur lan mitratutur nggunakake basa ngoko amarga sesambungan kang cedhak antarane kekarone. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar amarga mitratutur bisa nampa apa kang sejatine dikarepake penutur, senajan ora diwedharake kanthi blaka. Penutur ngabari yèn dheweke kepengin mangan rujak. Mitratutur nampa kanthi cara entar apa kang diwedharake dening penutur, dheweke ngerti yèn sejatine penutur kang pernahe anake iku ngongkon ibune nukokake rujak.

(137) P : Klamine bapakamu iki kok ya sik eneng ae sing reged.

MT : Kene, sisan takumbahne Buk.

Konteks : Penutur ngabari yèn klamine bapake mitratutur ana sing isih reged. Mitratutur

minangka anake penutur wis ngerti marang apa kang dikarepake penutur yaiku ngumbahake klambine bapake.

(UT-JKW-SESS / UE-JKW-SESS – RPC)

Tuturan (137) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Miturut norma sosial, mitratutur kudune nggunakake basa krama marang penutur kang umure luwih tuwa, nanging krana sesambungan kang cedhak ndadekake mitratutur nggunakake basa ngoko. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar amarga mitratutur bisa nampa apa kang sejatine dikarepake penutur, senajan ora diwedharake kanthi blaka. Penutur ngabari yen dheweke klambine bapake mitratutur isih ana kang reged. Mitratutur nampa kanthi cara entar apa kang diwedharake dening penutur, dheweke ngerti yen sejatine penutur kepengin dheweke ngumbahake klambine bapake.

(143) P : Payunge lek Srimi kok isik neng kene ta Ndhuk.

MT : Ngko takterne rana Pak.

Konteks : Penutur ngabari marang mitratutur yen payunge tanggane isih ana ing omahe. Sejatine dheweke kepengin mitratutur kang pernahe anake wedok iku ngeterake payunge tanggane iku.

(UT-JKL-SESS / UE-JKW-SESS –RPC)

Tuturan (143) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine lanang, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku sedulur cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Mitratutur kang umure luwih enom saka penutur kudune nggunakake basa krama, nanging amarga sesambungan kang raket mula kekarone nggunakake basa ngoko nalika cecaturan. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar amarga mitratutur bisa nampa apa kang sejatine dikarepake penutur, senajan ora diwedharake kanthi blaka. Penutur ngabari yen payunge tanggane isih ana ing omahe. Mitratutur nampa kanthi cara entar apa kang diwedharake dening penutur, dheweke ngerti yen sejatine penutur kepengin dheweke sing mbalekake payunge tanggane.

(144) P : Mbah Yatemi kalane iki lara tuwek hlo Tin.

MT : Ayo Yu ngendhang, saiki apa ngenteni

bar bedhug wae?

Konteks : Penutur ngabari mitratutur yen tanggane lara, kanthi tujuwan ngajak mitratutur ngendhang.

(UT-JKW-SESS / UE-JKW-SESS –RTC)

Tuturan (144) ing ndhuwur dituturake dening penutur kanthi umur tuwa, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Mitratutur enom, jinis kelamine wadon, lan status ekonomi sosiale sedhengan. Sesambungan antarane penutur lan mitratutur yaiku tangga cedhak. Basa kang digunakake nalika cecaturan yaiku basa ngoko. Mitratutur kang umure luwih enom nggunakake basa ngoko amarga sesambungan kang cedhak karo penutur. Tuturan ing ndhuwur kalebu tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar amarga mitratutur bisa nampa apa kang sejatine dikarepake penutur, senajan ora diwedharake kanthi blaka.

Dhiskusi Asil Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing ndhuwur, asile panliten iki yaiku nemokake jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur ing DesaJurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial. Jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur kaperang dadi 4 yaiku kanthi cara blaka kang langsung, blaka kang ora langsung, ora blaka kang langsung, lan ora blaka kang ora langsung. Dene penemune Brown lan Levinson sajrone Gunarwan (2007:54) merang cara medharake tuturan dadi lima, yaiku nindakake tuturan kanthi blaka tanpa ora blaka, kanthi blaka lan ora blaka arupa kesantunan positif, kanthi blaka lan ora blaka arupa kesantunan negatif, kanthi cara ora blaka, lan nindakake tuturan ing jero ati.

Adhedhasar panliten, sawijine penutur ngabari kanthi cara blaka marang mitratutur kang sesambungane ora raket utawa adoh, kayata sedulur adoh, kanca ora raket, lan tangga adoh. Tujuwane supaya mitratutur ora salah tampa lan supaya penutur dipercaya dening mitratutur. Saliyane iku kahanan uga ndayani marang panganggone cara blaka iki. Penutur kang ana ing kahanan arep ngabarake kabar wigati kayata kabar kabagyan, kabar keslametan, kabar katiwasan, apadene kabar lelayu bakal nggunakake cara blaka iki supaya kabar kang diwedharake ora ndadekake salah tampa. Dene saka babagan umur penutur, kang nggunakake cara blaka iki bisa bocah, bisa wong enom, lan uga bisa wong tuwa. Bab panganggone cara blaka lan alasane penutur nggunakake cara blaka ing kene padha karo teorine Brown lan Levinson kang wus diandharake ing bab II yenta penutur bakal nggunakake cara blaka supaya ora ndadekake salah tampa lan supaya dheweke dipercaya dening mitratutur lan wong sakupenge.

Tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka lumrahe ora ditindakake dening penutur kang isih bocah. Akeh-akeh kang nindakake tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka iki yaiku wong enom lan wong tuwa. Sesambungan kang raket kayata sedulur cedhak, kanca raket, utawa tangga cedhak ndayani penutur nggunakake cara ora blaka nalika ngabari. Mitratutur minangka pawongan kang nduweni sesambungan cedhak karo penutur bakal ngerti apa kang dikarepake dening penutur, mula penutur nggunakake cara ora blaka. Dene cara ora blaka iki ora mungkin digunakake penutur kanggo ngabari mitratutur kang ora dikenal utawa wong kang ora raket babar pisan. Dene kang dadi alasan penutur ngabari kanthi cara ora blaka yaiku penutur menahi kalonggaran mitratutur kanggo mikirake kekepareane, penutur wegah meksa mitratutur. Bab iki slaras karo panemune Brown lan Levinson ngenani alasan penutur nggunakake cara ora blaka kaya kang wus diandharake ing bab sadurunge.

Panganggone cara langsung digunakake penutur marang mitratutur kang nduweni sesambungan paseduluran adoh, kanca ora raket, lan tangga adoh. Bisa uga kang nduweni sesambungan paseduluran raket, kanca raket, lan tangga cedhak. Nanging lumrahe yen mitratutur minangka sedulur adoh, tangga adoh, utawa kanca ora raket, penutur bakal nggunakake cara langsung marang pawongan kasebut. Yen cara ora langsung digunakake penutur kanggo ngabari wong kang nduweni sesambungan paseduluran cedhak, kanca raket, utawa tangga cedhak. Alasan nggunakake cara ora langsung iki yaiku penutur mesthi wis kenal raket karo pawongan kang dititipi kabar iku. Dene pawongan kang dititipi kabar mesthi nduweni sesambungan kang raket karo pawongan kang sejatine pengin dikabari penutur.

Tindak tutur ngabari adhedhasar penanggape mitratutur kaperang dadi loro yaiku mitratutur nampa kabar kanthi cara wantah lan mitratutur nampa kabar kanthi cara entar. Nalika penutur ngabari kanthi cara blaka, mitratutur bakal nanggapi kabar saka penutur kanthi cara wantah utawa apa anane. Iki slaras karo kalungguhane tindak tutur ngabari minangka tindak tutur lokusi. Suwalike nalika penutur menahi kabar kanthi cara ora blaka, mitratutur bakal nanggapi kabar iku kanthi cara entar. Dene bab iki krana tindak tutur ngabari bisa owah dadi tindak tutur ilokusi. Saliyane ngabari, penutur nduweni tujuwan liya kang nyebabake mitratutur nglakoni sawijine tumindak. Mula mitratutur bakal nanggapi kabar saka penutur kanthi cara entar.

PANUTUP

Ing kene bakal diandharake ngenani dudutan lan pamrayoga ngenani panliten tindak tutur ngabari ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo.

Dudutan

Adhedhasar andharan lan jlentrehan, bisa diweruhi yen jinise tindak tutur ngabari ing Desa Jurug, Kecamatan Sooko, Kabupaten Ponorogo ana 6 adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur. Jinise tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur kaperang dadi 4 yaiku tindak tutur ngabari kanthi cara blaka kang langsung, tindak tutur ngabari kanti cara blaka kang ora langsung, tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang langsung, lan tindak tutur ngabari kanthi cara ora blaka kang ora langsung. Dene adhedhasar penanggape mitratutur, jinise tindak tutur ngabari kaperang dadi 2 yaiku tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara wantah lan tindak tutur ngabari kang ditampa kanthi cara entar.

Struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial menahi daya pangaribawa tumrap wujud lan jinise tindak tutur ngabari. Relasi sosial dadi perangan kang wigati dhewe, mligine relasi paseduluran. Penutur kang nduweni relasi paseduluran cedhak karo mitratutur akeh nggunakake cara ora blaka nalika ngabari amarga mitratutur wis ngerti marang apa kang dikarepake dening penutur utawa bisa diarani mitratutur nanggapi kabar kanthi cara entar. Penutur kang nduweni sesambungan cedhak lan raket karo mitratutur bakal nggunakake basa ngoko senajan umure luwih enom. Tindak tutur ngabari kang efektif yaiku kanthi nggunakake basa kang cetha, sopan, lan kanthi cara kang salaras karo konteks lan kahanan.

Pramayoga

Panliten ngenani tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane penutur lan penanggape mitratutur kanthi landhesan struktur sosial, relasi sosial, lan norma sosial isih akeh kang durung diteliti kanthi jeru lan cetha. Kurange dhata kang jangkep, lan bab-bab liyane njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti nyadhari yen panliten iki isih akeh kurange, mula panliten ngenani tindak tutur ngabari isih prelu dirembakake amrih tumuju luwih sampurnane.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 1990. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Penerbit Angkasa
- Alwasilah, Chaedar. 1993. *Pengantar Sosiologi Bahasa*. Bandung: Penerbit Angkasa
- Austin, John L. 1962. *How to Do Things with Word*. Cambridge, Mass: Harvard University Press
- Basuki, I Gusti Ngurah Oka. 1990. *Retorik Kiat Bertutur*. Malang: Ya 3 Malang

- Brown, Penelope dan S. C. Levinson. 1978. *Politeness: Some Universals in Language Usage*. Cambridge: Cambridge University Press
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi
- Gunarwan, Asim. 2007. *Pragmatik Teori dan Kajian Nusantara*. Jakarta: Penerbit Universitas Atma Jaya
- Horn, Laurence R dan Ward, Gregory. 2006. *The Handbook of Pragmatics*. Carlton: Blackwell Publishing Ltd
- Ibrahim, Abd.Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik (Edisi Ketiga)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik (kajawakake dening M.D.D. Oka)*. Jakarta: UI Press
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Poerwadarminta. 1937. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhoff-Kolff N.V.
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Purwadi, dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana (kajawakake dening Abdul Syukur Ibrahim)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian pertama: Ke arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian kedua: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sumarsono. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda Pustaka Pelajar
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset
- Yule, George. 2006. *Pragmatik (kajawakake dening Rombe Mustajab)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar